

Yo Prepare CPS pou Aprantisaj An-Pèsòn an Sekirite!

Sentèz plan sekirite ak sante yo

Tablodbò Done KOVID-19 yo

Konseye syantifik CPS yo idantifye twa metrik ke CPS itilize pou detèmine si gen sekirite pou ouvri batiman lekòl yo: nouvo ka chak jou yo, to tès pozitif yo, ansanm ak nivo KOVID-19 dlo ize yo. Gade dènye enfòmasyon sou Tablodbò Done yo lye apati de paj prensipal sitwèb CPS la.

Tès KOVID-19

Nan patenarya avèk Lavil Cambridge la ansanm ak Depatman Sante Piblik Cambridge (Cambridge Public Health Department), CPS te etabli yon sistèm tès konplè:

- Opsyonèl, **tès gratis pou tout pèsònèl la** nan batiman CPS yo, jiska de (2) fwa chak semèn
- **Tès** pou elèv sentomatik yo ansanm ak pèsònèl la nan batiman CPS la
- **Èd-swànyan** adisyonèl pou tout lekòl l

Konfigirasyon Lekòl/Sal Klas

Batiman ak sal klas CPS yo konfigire pou favorize distans sosyal ak lavaj men pi souvan

- Biwo & tab yo espase **6 pye (180 cm) apa**, avèk 10 a 12 elèv nan yon sal klas tipik
- **Lavabo ak dezenfektan anplis** si pa genyen lavabo. Lavabo anplis enstale nan zòn komen epi nan kèk klas.
- **Boukliye anti-viris** plase nan kèk zòn kote trafik la wo
- **“Get Well (Jwenn bon)”** sal nan chak batiman, pou elèv ki demontre sentom yo

Kalite Lè a

CPS te revize epi amelyore kalite vantilasyon lè a:

- Amelyorasyon sistèm vantilasyon ak filtrasyon santral yo
- **Wot Efikasite Lè ak Patikil (High Efficiency Particulate Air, HEPA) “epiratè Lè”** pou pirifye lè a nan zòn ki mal vantile yo.
- Konsilte divès espesyalis nan jeni ak nan syans pou defini yon nòm minimal de 4 Chanjman Lè **Chak Èdtan (4 Air Changes per Hour, 4ACH)** nan tout sal ki pral itilize pa elèv yo ak pèsònèl la
- **Reparasyon ak ranplasman fenèt** pou asire aksè maksimòm ak fenèt yo, epi achte vantilatè kare pou gaye van fre

Mask, Ekran Figi, Gan

CPS te fè kòmman yon abondans ekipman pwotektif pèsònèl.

- CPS te fè kòmman **230 000 mask; 3 000 ekran figi ki bon pou timoun ak 2 000 ki bon pou granmoun; 1 000 000 pè gan**, epi genyen linèt ak yon konbinezon pou sila yo ki kapab gen bezwen li.
- Pèsònèl la ak elèv yo kapab itilize mask yo prefere.





Netwayaj

CPS te ranfòse woutin netwayaj ak dezenfeksyon li yo.

- Pèsonèl gad adisyonèl k'ap lwe pou **netwayaj & dezenfektan chak jou**
- Acha **pilverizatè elektwostatik** pou dezenfekte batiman yo
- **Founiti netwayaj & dezenfektan pou chak klas**

Lis Kontwol Sante Chak Jou

CPS te devlope yon Lis Kontwol Sante Chak Jou anliy kote elèv ak pèsonèl la dwe revize avan yo antre nan yon batiman pou travay, lekòl, oubyen yon randevou. *Oubyen, gade vèsyon enprime a, ki titre "Kisa M Ta Dwe Fè? Yon Lis Kontwòl Sante Chak Jou ak Repons ak Diferan Sitiyasyon KOVID."*

Plis detay disponib sou sitwèb CPS la ansanm ak Manuèl Sante, Sekirite & Enstalasyon.

Bwat: Konseye Syantifik

CPS gen chans pou benefisye soutyen espesyalis syantifik ak medikal klas mondyal ki aji an tan ke konseye CPS epi ki te devlope CPS la Manuèl Sante, Sekirite & Enstalasyon.

- Bradley Bernstein, MD, PhD, Lopital Jeneral Massachusetts (Massachusetts General Hospital), Broad Institute & CPS Parent
- Jill Crittenden, PhD, MIT; Co-chair, Komite Konsiltatif Ekspè KOVID-19 nan Cambridge (COVID-19 Cambridge Expert Advisory Panel); Member, N95Decon.org & CPS Parent
- Lisa Dobberteen MD, FAAP, Pwogram Sante Eskolè ak Sante Piblik (School Health and Public Health Programs), Depatman Sante Piblik nan Cambridge (Cambridge Public Health Department)
- Helen Jenkins, PhD, BU School of Public Health & CPS parent
- Jamie Lichtenstein, PhD, Emerson College & CPS parent
- Keith Marzilli Ericson, PhD, BU Questrom School of Business & CPS Parent
- Tracy Rose-Tynes, MS, RN, School Health Services, Cambridge Public Health Department

Cambridge Public Schools

135 BERKSHIRE STREET
CAMBRIDGE, MA 02141
617.349.6400

WWW.CPSD.US

